**«Де дика дар»**

**Нана** – Мохьмад, валол туькана г1ой шура эци хьа волал.

*Нанас туькана шура эца вахийтина Мохьмад йухавог1ура. Цу хенахь, шеен ков а диллина, кет1а йелира кхеран лулара йоккхастаг Пет1амат. Цуьнца цхьаьна кхин цхьа зуда а йара. Шен хьешана т1аьхь ара йаьллера иза. Мохьмадан аьх хетара церан де дика да.*

**Йокха стаг Пет1ама** - Дукха вехийла! Далла везийла хьо! Дика к1ант ву иза! - элира бабас.

*Вист ца хуьлуш, когаш вовшахтийсалуш, эхь хеташ, д1авахара Мохьмад. Чукхаьчча, нанас хаьттира кхуьнга.*

**Нана** – Хьо цхьамма лаьллина валийча санна ма ву?

**Мохьмад** - Арахь ч1ог1а йовха йолу дела, сихха чувеанера со-м,- *аьлла, жоп делира к1анта.*

*Мохьмада дукха ойланаш йира, Ша х1ума а ца аьллешехь, шега «Далла везийла!» х1унда элира цо? Кхин 1ен а ца велла,тахана хилларг шеен нене д1адийцира Мохьмада.*

**Мохьмад** - Нан, со туькнар схьа вохш вай лулар баб йар цхьан зудчуьнц шай к1ет1ахь лаьттш. Со т1ех волш вист ца хилар, Бабс «Далла везийла! Дукх вехийла!» элар соьг.

**Нана** – Хьо жима волуш дуьйна ч1ог1а дукха ма веза бабина. Цунна хьо дика к1ант хила лаьа. Хьо баккхийчеран де дика ца деш т1ехваьлча, шеца цхьана хиллачу зудчо хьо г1иллакх доцуш ву аларна, кхоьруш ма хила и. Цул сов, хьуна воккхачуьнга маршала хаттар, цуьнца г1иллакх лелор т1ехь дуй хаийта а г1иртина. Бабин а ма йу нахаца йахь. Кхетий хьо, нанин диканиг?! – *аьлла, коьртах куьг хьоккхуш, хьаьстира и нанас.*

**Мохьмад** – Нана сунна эхь ма хетта баккхийчаьрга вистхила, *лоха элира Мохьмада.*

**Нана** –Эхь х1унда ду иза? Дера дац. Мелхуо а, бакхийчарна хьуо жима хилар а, хьуо церан г1уллакхе хьажа кийча хилар а ма гойту ахь хьайн г1иллакхца. Г1иллакх лелор эхь дац хьуна. И цалелор ду-кх эхь, - *коьртах куьг а хьокхуш, элира нанас.*

**Нана** – Х1инца, ас саг1ина бала кечбина мижаргаш, т1уо-берам эций, баба йолчу г1о хьо, - *аьлла, т1о-берам чохь болчу кедан гуобаьkkхина мижаргаш а дехкина, хедар схьакховдийра нанас.*

**Нана** – Хьо чу вахале, не1 тохий, Бабига кхайкхалахь. И дуьхьалйаг1ахь, цуьнан суьйре дика а йай, хьуо саг1ина х1ума йохьуш веана алалахь. Нагахь, ара а ца йолуш, цуо хьо чукхайкхахь, чу а г1ой, цуьнан суьйре дика а йай, х1ара хедар стоьла т1е охьадилла. «Нанас хьуна х1умма а оьший хьажа ваийтинера со» алалахь! *– аьлла, т1етуьйхира нанас.*

*К1анта меллаша ков диллира Бабин, и арахь хиларе саа тосуш. Кертахь гуш цхьа а вацара. Цкъа-м, йухавирзина, д1аваха ойла хилира цуьнан, амма корера бой меттахъхьовш хааделча, не1 туьйхира. Баба дуьхьала йеара кхунна.*

**Мохьмад** – Суьйре дика йойла хьан, Баба! Нанас саг1ина х1ума йохьуш ваийтина со.

**Йокха стаг Пет1ама -** Далла везийла хьо! Ирс долуш хуьлийла! Дера ву, бабиниг дика к1ант! *– олуш, кхуьнан коьртах куьг хьаькхира бабас.*

*Баба чу йахана хедар чохь кампеташ йахаьш ара елира.*

**Мохьмад** –Дала саха йойла!

*Хедар чохь бабас елла кампеташ йохьуш, болар дайделла, самукъане ц1а вог1учу Мохьмадан хаза ойла кхоллаелира.*

**Мохьмад** – «Хьажахьа, башха хала х1ума а ца хилла-кха маршала хаттар а, г1иллакх лелор а. Ма эхь ца хилла-кх и! Х1инца дуьйна, Дала мукъалахь, баккхийчаьрга хьал-де ца хоттуш, де дика, суьйре дика ца йеш, 1ийр вацкх со» - *аьлла.*